

Konsèy pou Pran Egzamen SAT

Adapted from Pearson Education, Inc.

Èske w te konnen w kapab itilize nòt SAT ou nan plas FCAT? Fè 420 nan Lekti Eksplike ak/oswa 340 nan Matematik ap konte kòm kritè w genyen pou gradyasyon (toudepande ki ane w antre nan nevyèm ane – tyeke ak konseye akademik ou pou verifye obligasyon gwoup ou a)! Si w kalifye pou repa midi gratis oswa apri redui konseye akademik ou a kapab ba ou de pèmisyon pou w pran SAT a gratis.

Konsèy sa yo ap ede w prepare pou fè meyè dewoumenm nan SAT:

Konsèy pou SAT

- ⌚ Pa bay menm kantite lè pou chak kesyon nan yon seksyon. Menmsi tout kesyon yo vo menm kantite pwen, yo prezante pa òd difikilte. Konsa kite plis tan alafen pou kesyon.
- ⌚ Reponn tout kesyon ki pa chwa miltip yo, menmsi w ap gen pou devine repons yo. Yo pa retire pwen sou ou pou yon move repons, w ap senpman bezwen reponn yo byen.
- ⌚ Si w pa gen yon ide ditou ki sa repons la ye pou yon kesyon chwa miltip, sote li. Men si w kapab elimine omwen youn nan chwa yo, devine! prensip Pwobabilite a di nòt ou ap amelyore.
- ⌚ Lè gen plizyè repons ki posib, itilize ensten w. Sepandan, si pita w bezwen chanje yon repons, fè sa. Rechèch yo montre elèv ki retounen pou chanje repons fè plis pwen pase yo pèdi pwen.
- ⌚ Mete yon mak bò kote kesyon w ta renmen gade ankò yo – konsa 1 ap fasil pou jwenn yo si w gen lè ekstra alafen.
- ⌚ Li kesyon yo ak atansyon. Rate yon mo enpòtan kapab fè yon gwo diferans.

Matematik:

- ⌚ Si w pa gen yon ide kijan pou w jwenn bon repons la, ploge chak nan repons ki posib yo pou wè si 1 travay. Kòmanse ak chwa “C” – 1 ap nimewo nan mitan an, epi lè w fin reflechi sou li w ap konnen si w ap bezwen eseye yon chif ki pi wo oswa youn ki pi piti.
- ⌚ Itilize papye bouyon w oswa livrè egzamen an byen.

Vèbal:

- ⌚ Pou konplete fraz avèk de mo mankan, travay sou yon mo mankan alafwa. Ou kapab pwobableman bezwen elimine kèk repons anvan w menm chèche dezyèm mo a.
- ⌚ Pou konplete fraz yo, chèche konnen si mo mankan an se yon bon bagay oswa yon move bagay. Paegzanp: For example: “Lak la se te pi _____ bagay lòm aswafe a te janm wè.” Yon moun ki swaf pwobableman kapab wè yon lak avèk yon bon je, konsa chèche chwa ki gen yon konotasyon pozitif. Menm si w pa konnen avèk presizyon ki sa yon repons vle di, ou kapab an mezi pou elimine kèk posiblité.
- ⌚ Eseye vini ak yon repons poukout ou avan w gade sou chwa yo. Si youn ladan yo sanble ak repons ou a, gen anpil chans pou l bon.
- ⌚ Pou lekti eksplike, li kesyon yo anvan w li tèks yo. Konsa w ap kapab konsantre efò w yo nan lekti.

Redaksyon:

- ⌚ Fè grant liy redaksyon an anvan w kòmanse ekri. Ansuit ekri entwodiksyon w dabò. Youn nan eleman majè egzaminè ap remakè se ki jan yon redaksyon organize.
- ⌚ Fè sèten ou prezante sipò espesifik pou nenpòt pozisyon ou pran.
- ⌚ Sonje pou w sovgade tan pou w revize ak chanje redaksyon w.